

Aplikasyon ak Machasuiv pou Pwogram Swen VIH pou Moun ki san Asirans

AIDS Drug Assistance Program (ADAP)
ADAP Plus (Primary Care)
HIV Home Care Program
ADAP Plus Insurance Continuation (APIC)

Enfòmasyon Jeneral

AIDS Institute (Enstiti SIDA) nan Depatman Sante Eta New York (N.Y.S. Department of Health) ofri kat (4) pwogram pou bay aksè swen sante (ADAP, Primary Care, Home Care, ak APIC) pou rezidan Eta New York ki gen enfeksyon VIH ki pa gen asirans oswa asirans yo pa kont. Toulekat pwogram yo sèvi ak menm fòm aplikasyon ak pwosesis pou enskripsyon; gen fòm anplis ki nesèsè pou Home Care ak APIC.

Pwogram **Asistans Medikaman pou SIDA (ADAP)** peye medikaman pou tretman VIH/SIDA ak enfeksyon opòtinis. Medikaman ADAP peye pou yo a ka ede moun ki gen VIH/SIDA viv pi lontan epi trete sentòm enfeksyon VIH yo. ADAP ka ede moun ki pa gen asirans, ki gen moso asirans, Medicaid Spend-down / Surplus oswa Medicare Part D.

ADAP Plus (Primary Care) peye pou sèvis swen sante primè nan klinik, lopital, laboratwa ak klinik doktè prive ki patisipe nan pwogram lan. Sèvis yo gen ladan swen pou evalyasyon medikal san entènè lopital, entèvansyon byen bonè ak tretman kontini.

HIV Home Care Program peye sèvis swen nan kay pou moun ki depannde swen medikal yon fason kwonik, lè doktè mande sa. Pwogram lan kouvri sèvis èd swen nan kay, tretman nan venn ansanm ak founiti pou sa, e ekipman medikal dirab yo bay nan ajans swen sante swen nan kay ki enskri nan pwogram lan.

ADAP Plus Insurance Continuation (APIC) peye montan asirans sante rantab pou patisipan ki kalifye ki gen asirans sante, avèk tou COBRA, Medicare Part D ak asirans prive oswa asirans travay bay yo.

Deklarasyon Konfidansyalite nan Pwogram Swen VIH pou Moun ki san Asirans

Dapre Lwa nan Eta New York, enfòmasyon ki gen rapò ak VIH ki bay nan Pwogram Swen pou Moun ki san Asirans yo ap rete nèt konfidansyèl. Yo ka bay enfòmasyon (sètadi oumenm se yon patisipan) ba lòt pati ki nesèsè pou bon administrasyon pwogram yo. Yo se moun ak òganizasyon Pwogram yo dwe diskite avèk yo osijè aplikasyon w ak/oswa patisipasyon w dekwa pou jwenn si w kalifye, peye pou sèvis oswa medikaman ki kouvri nan Pwogram yo, oswa pou bay bon kontrandi sou lajan ki depanse yo. Ekip pwogram yo konsyan de nesèsite konfidansyalite ak respè vi prive patisipan, epi y ap diskite sou enfòmasyon pèsònèl sèlman lè sa trè nesèsè pou administrasyon Pwogram yo.

Pou ba w yon bon konprann sou kesyon konfidansyalite a ak kondisyon pou patisipasyon nan Pwogram yo, yo bay egzanp sa yo:

- Pwogram yo **PA** pral kontakte travay ou, mèt kay ou, fanmi, zanmi, vwazen, ni kèlkanswa lòt moun san konsantman dirèk nan men w; keseswa li gen rapò dirèkteman ak aplikasyon oswa patisipasyon w nan Pwogram yo.
- Pwogram yo kapab kontakte doktè w oswa founisè swen sante w pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou eklèsi enfòmasyon yo mande sou Fòm Kalifikasyon Medikal la.

- Pwogram yo ap konfime ba yon famasi, oswa yon founisè swen sante ou enskri ladan epi peye pou sèvis oswa medikaman ki kouvri yo lè w prezante ba yon famasi oswa founisè swen sante Kat Pwogram ou, ki gen non w ak nimewo ID w.
- Pwogram yo pral diskite sou aplikasyon moun ki nan prizon yo ak anplwaye otorize Libète sou kondisyon oswa anplwaye Koreksyonèl lè sa nesèsè pou yo enskri nan pwogram yo.

Ou ka fè Pwogram yo konnen, alekri, yon moun ou vle pou Pwogram yo kontakte si ekip Pwogram lan pa ka kontakte w pou jwenn plis enfòmasyon (sètadi asistan sosyal k ap ede w aplike nan pwogram lan).

Pwogram Swen pou Moun ki san Asirans se yon dènye chwa pou peman yo ye, epi yo pral kontakte konpayi asirans sante w oswa lòt pati k ap peye pou ou (sètadi pwogram rabè fabrikasyon medikaman) ki va ranbouse ADAP pou medikaman li ba w nan Pwogram yo. Sa nesèsè pou ADAP ka rekipere lajan ki ka itilize pou elaji Pwogram yo pou kouvri nouvo medikaman/sèvis ak plis moun k ap viv ak enfeksyon VIH.

Kondisyon sa yo kòmanse soti nan dat aplikasyon w lan jouk lè w soti nan Pwogram yo, avèk tou tan ki bezwen pou fini ak nenpòt pwosedi ranbousman nan men yon lòt pati peyè pou medikaman oswa sèvis tretman ki bay nan Pwogram yo. Ou gendwa sispann patisipasyon w nan Pwogram yo alekri nenpòt lè.

Ou ka jwenn yon kopi Deklarasyon sou Konfidansyalite Pwogram yo nan: www.health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/index.htm. Si w gen kesyon, tanpri rele nan **1-800-542-2437**.

TOUT ENFÒMASYON KI BAY NAN PWOGAM YO YO AP RETE KONFIDANSYÈL NÈT.

Machasuiv pou Aplikasyon

Kalifikasyon an baze sou bezwen finansye ak medikal. Yo egzije dokiman sou kote w rete, revni ak byen w genyen, ansanm ak yon aplikasyon konplè. Doktè w dwe soumèt yon aplikasyon medikal apa.

Yo travay sou aplikasyon ki soumèt ak tout dokiman obligatwa yo nan lespas de (2) semèn. Aplikasyon ki pa konplè ak aplikasyon ki san pyès jistifikatif pral bay reta pou w resevwa kat enskripsyon w ak pou jwenn enfòmasyon enpòtan pwogram yo.

Lè yo apwouve w, w ap gen yon Kat Kalifikasyon ak eksplikasyon sou jan pou sèvi ak li. Ou dwe prezante kat sa a ak yon preskripsyon nan yon famasi ki patisipe nan pwogram yo pou resevwa medikaman ki kouvri yo gratis. Prezante kat ou ba founisè swen sante ki patisipe yo pou jwenn sèvis medikal ki kouvri yo gratis. Si w bezwen sa, w ap resevwa sèvis swen nan kay gratis nan men yon ajans swen sante ki enskri nan pwogram yo (\$30,000 maksimòm benefis k ap peye avi).

A. Enfòmasyon sou Moun k aplike a

Non

Make tout non w, nimewo sekirite sosyal ak dat nesans ou. Si gen yon lòt non yo rele w, mete li nan espas yo bay la epi di nou ki non ou vle yo mete sou kat ou an. Mete adrès ou okonplè.

Adrès

Prèy ki montre ou abite nan Eta New York obligatwa. Ou kapab pwouve rezidans ou ak yon kopi YOUN nan sa ki annapre yo (ki gen non ak adrès ou sou li). Si w gen yon BWAT POSTAL kote w resevwa lèt ou, ou dwe ajoute enfòmasyon ki pwouve adrès kote w rete pou montre ou rezide nan Eta New York. Si w ap viv ak yon lòt moun epi w pa gen okenn nan bagay ki anba la yo sou non w, n ap bezwen prèy adrès moun lan ak yon lèt ki di w abite ansanm ak li:

- Kontra-lwaye valab
- Lisans chofè valab
- Kat eleksyon valab
- Avi valab sou Desizyon Medicaid
- Bòdwo gaz/sèvis piblik (90 jou ki sot pase yo)
- Bòdwo telefòn (90 jou ki sot pase yo)
- Resi lwaye (90 jou ki sot pase yo)
- Souch chèk oswa rapò labank ki gen non w ak adrès ou (90 jou ki sot pase yo)

Sèks/Ras/Etnisite/Lang

Tanpri tcheke sèks, ras, gwoup etnik ou ak lang ou prefere.

B. Kondisyon Lojman

Moun nan kay ou

Site tout moun ki nan kay la. Tout moun ki responsab ou legalman oswa tout moun ou responsab legalman konsidere kòm yon manm nan kay la. Sa gen ladan tou yon mari/madanm ak nenpòt timoun ki poko gen 21 an, oswa paran ak frè/sè si w poko gen 21 an.

C. Revni

Kalifikasyon Finansye

Kalifikasyon finansye baze sou 435% nan nivo povrete federal (FPL): FPL varye dapre kantite moun ki nan kay, e yo mete li ajou chak ane. Yo kalkile kalifikasyon finansye dapre revni anvan taks ki disponib nan kay la, anwètan taks yo pran pou Medicare ak Sekirite Sosyal ansanm ak montan asirans sante moun k ap aplike a peye.

Sous Revni

Tcheke tout sous revni pou oumenm ak pou tout manm nan kay la. Revni sa yo se sèlman revni moun nan kay la ou gen yon relasyon responsablite legal anvè li (pa egzanp, mari/madanm oswa pitit, men se pa tonton, kouzen oswa kolokatè). Pou chak sous, bay montan anvan taks, chak kilè yo touche revni a, epi èske se revni pa w oswa revni yon manm nan kay la.

Prèy revni an obligatwa. Bay dokiman konplè sou revni an pou chak sous revni w tcheke.

Pou moun ki touche salè

Yo dwe bay prèy revni yo ak kopi souch chèk pou 30 jou ki sot pase yo. Souch chèk la dwe montre total salè depi ane a te kòmanse, kantite lè travay, tout dediksyon ak pou ki dat souch chèk la ye. Si w pa ka jwenn yon souch chèk, voye ban nou yon lèt notarye travay ou ba ou ki montre salè anvan taks pou 30 jou ki sot pase yo ansanm ak yon kopi taks ki pi resan. (Lèt la pa bezwen adrese ba Pwogram yo. Yon lèt ki adrese ba "moun sa kapab konsène" bon.)

Moun ki travayè endepandan

Bay dosye biznis ou pou twa mwa ki anvan aplikasyon w lan ki endike ki kalite biznis, revni anvan taks, revni apre taks, ak taks sou revni pou ane ki

pi resan an. Ou dwe ajoute tou yon deklarasyon notarye sou revni anyèl ou prevwa pou ane a.

Revni Lwaye

Ou dwe bay yon kopi kontra lwaye w genyen ak lokatè w yo pou bay prèy revni ou touche nan lwe pwopriyete ansanm ak yon kopi taks ki pi resan.

Tout Lòt Revni

Kòm prèy lòt kalite revni, ou dwe voye kopi lèt ki akòde SSD/SSI, chèk alokasyon chomaj, chèk Sekirite Sosyal, chèk pansyon, elatriye pou 30 jou ki sot pase yo.

Pa gen revni, se Lòt moun ki bay sipò

Si w pa gen ankenn revni epi se yon zanmi oswa yon fanmi ki ba w sipò, soumèt yon lèt fanmi oswa zanmi an ki endike kijan yo ba w sipò.

D. Byen likid

Kay la pa kapab gen byen likid ki depase \$ 25000. Byen likid se lajan kach, kont depay, aksyon, bon, elatriye. Yo pa mete ladan machin ou, kay ou, ni depo retrèt ki rekonèt onivo federal yo.

Sous Byen

Tcheke tout sous byen pou oumenm ak pou tout manm nan kay la. Byen sa yo se sèlman byen moun nan kay la ou gen yon relasyon responsablite legal anvè yo (pa egzanp, mari/madanm oswa pitit, men se pa tonton, kouzen oswa kolokatè). Pou chak sous ou tcheke, bay montan/valè li pou kounye a, epi èske se byen pa w oswa byen yon manm nan kay la.

Prèy byen yo obligatwa. Moun ki gen byen likid fèt pou voye kopi etadkont pi resan an ki montre valè lajan kach ak montan enterè/dividand li touche.

E. Asirans Sante

Pwogram yo ka ede moun ki gen lòt asirans sante, epi ki gen difikilte pou peye dediktib, ko-peman, Medicaid Spenddown/Surplus oswa lòt frè ki dwe sot nan pòch yo. Mete yon kopi devan ak dèyè tout kat lòt asirans sante yo.

Medicaid/Family Health Plus

Endike kondisyon w nan Medicaid, oubyen èske w te aplike pou Family Health Plus. Si w gen yon Medicaid Spend-down/Surplus ekri montan an nan espas yo bay la.

Medicare

Di si w gen Medicare, epi si w genyen li, di ki kalite, A, B, C oswa D.

Asirans Sante

Asire w reponn tout kesyon konsènan asirans sante. Si w gen pwoblèm pou fè peman prim swen sante w, tanpri rele 1.800.542.2437 oswa ranpli fòm aplikasyon APIC (nimewo fòm DOH 2794c) ou ka jwenn nan <http://www.health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/index.htm>

F. Lòt Kontak ak Siyati

Pou ekip pwogram yo ka pale ak yon moun pou ou osijè aplikasyon w lan, ou fèt pou site yo la a. Tanpri li deklarasyon sou konfidansyalite a ki deklare kimoun nou gendwa kontakte konsènan aplikasyon ak enskripsyon w lan.

Byen li Atestasyon Sètifikasyon an, apresa siyen epi mete dat aplikasyon an. Nou pa kapab travay sou yon aplikasyon ki pa siyen. Fè yon kopi aplikasyon an ansanm ak tout dokiman yo pou achiv ou.

Pwoblèm oswa Kesyon

Si w gen pwoblèm pou ranpli aplikasyon an oswa si w gen kesyon sou Pwogram Swen VIH pou Moun ki san Asirans yo (HIV Uninsured Care Programs) oswa sou nenpòt dokiman yo mande, tanpri rele gratis nan nimewo: 1-800-542-2437 oswa gade dokiman "Kesyon Moun Poze Souvan yo" ki nan <http://www.health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/index.htm>

Aplikasyon nan Pwogram Swen VIH pou Moun ki san Asirans

Aplikasyon sa a se pou detèminen kalifikasyon pou AIDS Drug Assistance Program (ADAP), ADAP Plus (primary care), HIV Home Care ak ADAP Plus Insurance Continuation (APIC). W ap bezwen plis dokiman administratif pou Pwogram Homecare ak APIC. Si w gen nenpòt kesyon sou pwogram yo oswa pou ranpli aplikasyon sa a, kontakte Liy Dirèk konfidansyèl nou an **1-800-542-2437**.

TANPRI, RANPLI APLIKASYON SA A NÈT EPI EKRI AKLÈ AN LÈT DETACHE

A. Enfòmasyon sou Moun k ap aplike a

Siyati: _____ Prenon: _____ Dezyèm Prenon: _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____

Lòt Non ou konn itilize: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: ____ - ____

Adrès (Prèw kote w rete a obligatwa)

Ri: _____ # Apatman: ____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Èske yo ka voye enfòmasyon sou pwogram yo nan adrès ou endike a? Wi Non Si se non, mete yon eksplikasyon ak yon lòt adrès.

Telefòn Prensipal: (____) _____ - _____ Dezyèm: (____) _____ - _____ Èske nou ka kite mesaj? Wi Non

Sèks Gason Fi Transeksyèl

Ras Blan Nwa/Afriken-Ameriken Azyatik Awayen / Abitan Zil Pasifik Ameriken-Endyen / Natif Natal Alaska Plis pase yon sèl ras
 Lòt _____

Gwoup etnik Panyòl Li-pa-panyòl

Lang ou prefere Angle Panyòl Lòt _____

Sitiyasyon Maryaj Selibatè, Vèf/Vèw, Divòse Marye, Ap Viv Ansanm Marye, Ap viv Apa

B. Kondisyon Lojman

Viv pou kont ou Ap viv ak lòt moun (Ranpli sa ki anba a) Sanzabri/Chèltè Lage nan Prizon

Non Moun nan kay ou*

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____

Sèks Dat Nesans
 G F T ____ / ____ / ____
 M F T ____ / ____ / ____
 M F T ____ / ____ / ____
 M F T ____ / ____ / ____

Kisa li ye pou ou Abite ansanm avèk ou

 Wi Non

 Wi Non

 Wi Non

 Wi Non

* Si w ta renmen nou pale ak nenpòt moun nan kay ou ki site la, tanpri ajoute non yo kòm lòt kontak nan paj 2.

C. Revni - Moun k ap aplike a ak Moun nan kay li (prèw revni obligatwa)

Sous Revni (Tcheke tout sa ki aplike):

Salè: Foultaim Pattaym Asistans Piblik Benefis Veteran Pa gen revni, Lòt moun ki bay sipò
 Anplwaye Vil New York SSI (Revni Sekirite Sipleman) Pansyon alimantè / Sipò pou Timoun Pa gen revni, Ap viv sou ekonomi
 Travay Endepandan SSD (Sekirite Sosyal pou Enfimite) Enterè / Dividand / Redevans Lòt: _____
 Chomaj Sekirite Sosyal pou Retrèt Lwe Pwopriyete _____
 Konpansasyon Travayè Pansyon _____

Pou tout sa w tcheke anwo a, tanpri endike:

Sous Revni	Montan brit	Chak kilè	Moun k ap resevwa li a	Dat kòmansman
1. _____	\$ _____	<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak de (2) semenn	<input type="checkbox"/> Moun k ap aplike a <input type="checkbox"/> Mari/Madanm	____ / ____ / ____
2. _____	\$ _____	<input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane	<input type="checkbox"/> Yon moun nan kay la	____ / ____ / ____
3. _____	\$ _____	<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak de (2) semenn	<input type="checkbox"/> Moun k ap aplike a <input type="checkbox"/> Mari/Madanm	____ / ____ / ____
		<input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane	<input type="checkbox"/> Yon moun nan kay la	____ / ____ / ____

D. Byen likid (prèw byen likid yo obligatwa)

Sous Byen an (Tcheke tout sa ki aplike)

Kont Chèk Kont Depay CD Aksyon/Bon/Fon Kolektif Rant oswa Trust Enterè

Pou tout sa w tcheke anwo a, tanpri endike:

Sous Byen an

1. _____
2. _____
3. _____

Balans/Valè

\$ _____
\$ _____
\$ _____

Moun k ap resevwa li a

Moun k ap aplike a Yon moun nan kay la Ansanm
 Moun k ap aplike a Yon moun nan kay la Ansanm
 Moun k ap aplike a Yon moun nan kay la Ansanm

E. Asirans Sante

Èske w gen lòt asirans sante? (Asirans Prive, HMO, Sendika, Retrèt, oswa Lòt Plan Sante) Wi Non

Èske w peye prim asirans sante? Wi Non

Si w di Wi pou yonn nan yo, konbyen peman yo ye? \$ _____ Chak kilè ou fè peman yo? _____

Si w di Non pou sa ki anwo a, èske travay/patwon w ofri w asirans sante? Wi Non

Rele pwogram lan nan 1-800-542-2437 pou konnen kijan ADAP ka ede w ak peman asirans sante w.

Si w gen asirans sante, voye yon kopi devan ak dèyè kat ou an epi ranpli sa ki anba la a:

Non Konpayi asirans sante a: _____

Dat kòmansman kontra asirans la: ____ / ____ / ____

Adrès: _____

Nimewo Asirans: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Nimewo Gwoup: _____

Kontak Sèvis Manm (Si w konnen li): _____

Telefòn Sèvis Manm: (____) ____ - ____

Medicaid/Family Health Plus

Èske w te aplike pou yo? Wi Non

Si se Wi, ki rezilta ou te jwenn? Annatant Apwouve – Medicaid #: _____ Spend-down (si aplikab) – Montan: \$ _____

Rejte – Pou ki rezon: _____

Medicare

Èske w gen Medicare? Wi Non

Si se wi, ki kalite? A - Hospitalization B - Primary Care C - Medicare Advantage Plan D - Prescription Drug

Èske w peye prim Medicare Part D? Wi Non

Èske w gen "extra help" pou Medicare Part D? Wi Non

Si se "Non", tanpri rele liy dirèk nou an pou jwenn plis enfòmasyon sou "Extra Help"

F. Lòt Kontak ak Siyati

Poutèt mwen siyen aplikasyon sa a, mwen otorize Uninsured Care Programs (Pwogram Swen pou Moun ki san Asirans) pale ak moun sa a (yo) konsènan aplikasyon m lan (sètadi asistan sosyal, responsab dosye, manm fanmi):

Non li	Òganizasyon	Kisa li ye pou ou	Nimewo Telefòn
_____	_____	_____	() -
_____	_____	_____	() -
_____	_____	_____	() -

Deklarasyon pou Sètifikasyon

Mwen sètifye tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a vre e kòrèk, epi mwen se yon Rezidan Eta New York. Mwen konprann bagay sa yo:

Enfòmasyon sa bay anrapò ak fon federal Eta New York resevwa. Ofisyèl pwogram yo pral verifye enfòmasyon ki sou fòm sa a. Ofisyèl Pwogram yo ka verifeye detanzantan kondisyon mwen nan Medicaid epi chaje Medicaid si sa nesèsè. Si mwen fè espre defòm enfòmasyon yo sou aplikasyon sa a, mwen ka oblije ranbouse benefis yo te ban m yo epi yo kapab pou suiv mwen lajistis dapre Lwa Eta ak Federal ki la pou sa.

Avèk dokiman sa mwen aplike pou benefis nan kad Pwogram Swen pou Moun ki san Asirans (Uninsured Care Programs) epi mwen bay konsantman m pou yo divilge enfòmasyon mwen jan sa nesèsè pou tretman mwen, pou peman sèvis swen sante, pou peman prim swen medikal ak pou fonksyonman swen sante nan Pwogram lan.

Siyen epi Mete Dat la Fòm lan

Siyati Moun k ap aplike a (oswa gadyen legal moun lan si se yon minè)

Dat

**Kenbe yon kopi fòm sa a pou dosye w epi poste fòm orijinal la ak tout dokiman yo nan:
Uninsured Care Programs, Empire Station, PO Box 2052, Albany, NY 12220-0052**